



PIWULANG 3 PRASTAWA ALAM

LKPD BAHASA JAWA

Nama Siswa :

No. Absensi :

Kelas 5 Semester 1



Ayo maca teks dheskriptif bab prastawa lindhu ing ngisor iki!

Lindhu

Ing wiwitan sasi Oktober 2009 ana kabar ing TV kang ngandharake Kutha Padang Sumatra Kulon kena lindhu. Amarga saka lindhu iku Kutha Padang dadi bosah-baseh. Bangunan sekolah, kantor pemerintahan, omah-omah pendhudhuk kabeh padha ambruk.



Ora mung kuwi bae, akeh wong kang kebrukan bangunan jalaran ora bisa nylametake awake, satemah akeh kurban jiwa lan bandha amarga saka kedadeyan lindhu. Kahanan iki nuwuhake rasa prihatin sedulur ing saindenging negara kita. Mula banjur akeh sumbangan kanggo para kurban lindhu. Ana obat, sandhangan, pangan, susu, kemul, lan liya-liyane. Kabeh mau amarga rasa tepa slira lan tresna marang sedulur-sedulur nunggal bangsa lan negara.

Kanethik saking Wasita Utama Basa Jawa 4, Sumarlam Warsitapura

Ayo negesi tembung-tembung mirunggan kang tinemu ing wacan "Lindhu"! Garapen kaya tuladhane!

Tuladha:

TV ngandharake manawa ing kutha Padhang kena lindhu.

'ngandharake' = nyritakake, martakake

- | | |
|------------|----------------|
| a. ambruk | d. nuwuhake |
| b. lindhu | e. saindenging |
| c. satemah | f. tepa slira |

Jawaban

- a.
- b.
- c.
- d.
- e.
- f.


"Ajining Diri saka busana, Ajining Diri Saka Ing Lathi"

Ayo, dhiskusi bebarengan kanggo mangsuli pitakon-pitakon isine teks iki!

- Lindhu iku kedadeyan ing ngendi?
- Kapan kedadeyane lindhu iku?
- Lindhu iku nuwuhake kurban apa bae?
- Wujud apa bae sumbangan kanggo para kurban lindhu iku?
- Geneya akeh wong kang padha menehi sumbangan kanggo para kurban lindhu?

Jawaban

-
-
-
-
-



"Ajining Diri saka busana, Ajining Diri Saka Ing Lathi"